

The University of the State of New York  
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Mèkredi** 16 jen 2004 - 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la wap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

**Premye Pati** a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

**Dezyèm Pati** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

**Seksyon A nan Twazyèm Pati** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Twazyèm Pati** a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.**

## Premye Pati

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon (1–50):* Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

- 1 Lè Thomas Jefferson tap ekri *Deklarasyon Endepandans* lan, sa ki te gen pi gwo enfluyans sou li se te lide John Locke sou
  - (1) aplikasyon ekitab lalwa
  - (2) dwa natirèl moun genyen
  - (3) dwa moun yo akize genyen
  - (4) dwa moun genyen pou entimite yo
- 2 Pandan Konvansyon Konstitisyonèl 1787 la, pi gwo diferans ki te genyen nan plan delege New Jersey ak delege Virginia yo te pwopoze pou Kongrè yo, se te sou kesyon
  - (1) manda avi oswa manda kout pou moun ki te genyen eleksyon yo
  - (2) nonmen palmantè yo oswa chwazi yo nan eleksyon
  - (3) reprezantasyon egal oswa reprezantasyon pwopòsyonèl pou Eta yo
  - (4) pouvwa pou verifye sa lòt branch gouvènman yo ap fè oswa pouvwa pou vote lwa yo sèlman
- 3 Kilès nan aksyon gouvènman sa yo ki montre aplikasyon sistèm verifikasyon ak ekilib la?
  - (1) yon senatè kap ede yon gouvènè rezoud yon pwoblèm nan Eta a
  - (2) prezidan an kap negosye yon akò komèsyal ak diplomat etranje
  - (3) Sena a kap ratifye yon trete pou lapè
  - (4) Kongrè a kap ranmase taks pou peye pwogram federal
- 4 Youn nan pi gwo kritik yo konn fè kont sistèm kolèj elektoral la se lè yo di
  - (1) fidelite pou pati yo febli apre yon eleksyon prezidansyèl
  - (2) gen anpil fwa elektè yo konn pa vote pou yon kandida
  - (3) yo nonmen manm nan kolèj elektoral yo avi
  - (4) yon prezidan kapab genyen yon eleksyon san se pa pou li majorite popilasyon an te vote
- 5 Kilès nan karakteristik sa yo yon peyi dwe genyen pou yo gade l tankou yon demokrasi?
  - (1) yon prezidan ki fò
  - (2) patisipasyon sitwayen yo nan gouvènman
  - (3) jij yo chwazi nan eleksyon pou prezide jijman yo
  - (4) yon kòd jiridik
- 6 Tribinal Siprèm lan gen pouvwa pou li
  - (1) kontwole bidjè federal la
  - (2) vote pou pran yon desizyon lè Sena a pa kapab rive nan yon majorite sou yon kesyon
  - (3) apwouve moun prezidan an nonmen
  - (4) entèprete Konstitisyon an
- 7 Konfli ant patizan Jefferson ak patizan Hamilton pandan premye administrasyon prezidan George Washington lan te gen kòm konsekans dirèk
  - (1) fen Peryòd Kè Kontan an [*Era of Good Feelings*]
  - (2) desizyon pou ranplase Atik Konfederasyon yo
  - (3) yo ajoute klòz elastik la nan Konstitisyon an
  - (4) fondasyon premye pati politik yo
- 8 Premye fwa yo te sèvi ak pawòl *Destine Manifès* la [*Manifest Destiny*] se te pou sipòte
  - (1) endepandans kont Angletè
  - (2) efò pou agrandi peyi a nan direksyon wès, pou chache rive nan Oseyan Pasifik la
  - (3) aksyon pou sispann sesesyon Eta nan sid yo
  - (4) lwa ki tap limite aktivite sendika yo
- 9 Ki zòn nan Etazini ki te plis santi konsekans yo, lè yo te vote Lwa Homestead la?
  - (1) Kòt Atlantik
  - (2) Mòn Rocky
  - (3) Mòn Apalach
  - (4) Gran Plenn yo

Baze repons ou pou kesyon 10 sou afich ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

**ATANSYON!!**  
**TOU MOUN KI PA BLAN NAN**  
**BOSTON, NOU CHAK**  
**AK NOU TOUT,**  
Tanpri PRAN PREKOSYON epi  
chache pa pale ak  
**Siveyan ni Ajan lapolis**  
**nan Boston yo,**

Paske depi dènye lòd MAJISTRA KOMINAL  
la ansanm ak MANM KONSÈY KOMINAL yo  
fenk pase a, yo gen dwa  
**KIDNAPE MOUN**

ak kenbe esklav.

Epi depi kounye a yo deja ap sèvi pou  
**KIDNAPE, KENBE, ak VEYE ESKLAV.**  
**Kididonk, si w renmen LIBÈTE w,**  
epi ou nan *Enterè Moun ki Sove* ou konnen yo,  
*Pa Pran Okenn Kontak* ak ajan sa yo,  
paske anpil ladan yo **AP ESEYE METE MEN**  
nan kòlèt malere ki menm ras avèk ou.

Veye bann malonèt kap  
**KIDNAPE moun yo, epi**  
**OUVRI JE W BYEN.**

24 AVRIL 1851

Sous: Bibliyotèk Kongrè, *The American Time Capsule: Three Centuries of Broadides and other Printed Ephemera* (adapte)

10 Afich sa a, yo te ekri pandan ane 1850 yo, te pibliye pou reponn

- (1) lwa yo te vote sou esklav ki te sove yo
- (2) koumansman Lagè Sivil la
- (3) piblikasyon Pwoklamasyon Emansipasyon an
- (4) 13yèm Amanman yo te vote a

11 Lè te vin gen plis moun nan Kalifòni ak nan teritwa wès yo pandan ane 1800 yo, se te prensipalman yon konsekans

- (1) lò ak ajan yo te dekouvri
- (2) Kannal Panama yo te ouvri a
- (3) migrasyon afranchi yo apre Lagè Sivil la
- (4) sesesyon Eta nan sid yo

12 Nan dènye ane 1800 yo, pou mouvman Granger la te kapab soulaje plantè yo, li te

- (1) bese nivo enflasyon
- (2) ranfòse etalon lò a
- (3) fòse konpayi ki gen ray tren yo bese pri yo
- (4) fè sendika yo vin pi fò

13 Lè yo te vote Lwa Dawes la an 1887, rezon prensipal gouvènman Etazini an te genyen se te pou

- (1) limite pouvwa Biwo Zafè Endyen an
- (2) retounen teren nan lès yo bay tribi Endyen Natif Natal Ameriken yo
- (3) ankouraje Endyen Natif Natal Ameriken yo kite kilti tradisyonèl yo
- (4) fè Endyen Natif Natal Ameriken yo travay kòm eklerè pou lame

14 Nan dènye ane 1800 yo, moun ki te sipòte kapitalis lesefè an te konn di konsa si gouvènman ta mete regilasyon sou komès, sa ta

- (1) enpòtan anpil pou pwoteje dwa konsomatè yo
- (2) nesèsè pou mete travay pou moun ki chomè
- (3) itil pou fè konkirans ak peyi etranje
- (4) kontrarye kwasans ekonomik la


15 Poukisa Etazini te swiv yon politik imigrasyon baryè louvri pandan lontan nan ane 1800 yo?

- (1) Anpil sitwayen Etazini te vle rete nan lòt peyi.
- (2) Etazini te manke moun pou travay.
- (3) Pwosperite nan Ewòp te lakòz mwens imigran te vini Etazini.
- (4) Imigran yo te pote endistri ki te envesti kapital nan Etazini.

16 Yon rezilta enpòtan lagè Espay-Etazini 1898 la te bay, se lè Etazini te

- (1) vin gen teritwa nan Afrik
- (2) tounen yon pwisans mondyal ki te mèt teritwa lòt bò dlo
- (3) amelyore relasyon l ak Almay
- (4) pèdi enterè nan zafè Amerik Latin

Baze repons ou pou kesyon 17 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Herman Viola, *Why We Remember: United States History*, Addison-Wesley (adapte)

17 Ki prensip ekonomik desen an ilistre pi byen?

- |                          |             |
|--------------------------|-------------|
| (1) prensip òf ak demann | (3) monopòl |
| (2) mèkantilis           | (4) komès   |

18 Mark Twain te rele dènye ane 1800 yo nan Etazini “Laj Dore” pou dekriti

- (1) fen esklavaj
- (2) absans konfli entènasyonal
- (3) kondisyon kote gen moun ki te rich anpil ak moun ki te pòv anpil
- (4) reyalizasyon mouvman sendikalis la

19 Men youn nan lide Booker T. Washington ak W. E. B. DuBois te sipòte:

- (1) Ameriken Nwa yo dwe gen plis dwa sivil
- (2) fòmasyon pwofesyonèl se pi bon solisyon pou edikasyon
- (3) se imigrasyon ki te lakòz segregasyon rasyal
- (4) Lwa Jim Crow yo nesèsè pou ede Ameriken Nwa yo

20 Pandan dènye ane 1800 yo ak premye ane 1900 yo, ki kote pifò imigran ki te vini Etazini yo te ale rete?

- (1) nan vil ki nan Nòdès yo
- (2) sou plantasyon ki nan Nouvo Sid la
- (3) nan zòn Ekstrèm Wès la
- (4) nan rejyon agrikòl Gran Plenn yo

21 Ki lide sou refòm ki te objektif Popilis yo ansanm ak Pwogresis yo?

- (1) restorasyon vil ki nan peyi a
- (2) etablisman plis opòtinite pou imigran yo
- (3) amelyorasyon kondisyon Ameriken Nwa yo
- (4) pèp la ki pou gen plis kontwòl sou gouvènman an

22 Sa ki te fè plis moun konnen Jane Addams ak Jacob Riis, se travay yo te fè pou

- (1) trete moun ki te blese nan Premye Gè Mondyal la
- (2) anpeche maladi gaye nan Amerik Latin lan
- (3) legalize kontwòl nesans pou fanm
- (4) ede moun pòv nan vil yo

23 Rezon ki fè yo te kreye Sistèm Rezèv Federal la, se te pou

- (1) konsève yon rezèv petwòl pou peyi a
- (2) bay lame a sipò militè
- (3) pwoteje piblik la kont move zafè nan komès
- (4) administre rezèv lajan peyi a ansanm ak to enterè yo

24 Youn nan objektif prezidan Woodrow Wilson te mete nan Katòz Pwen li yo pou pèmèt lapè dire, se te

- (1) fondasyon yon Lig pou Nasyon yo
- (2) kenbe yon fòs militè an pèmanans nan Ewòp
- (3) retabli politik izolasyonis la pou Etazini
- (4) akize Almay kòm responsab Premye Gè Mondyal la

25 Kilès nan evennman ki rive pandan ane 1920 yo ki senbolize yon konfli sou kesyon valè kiltirèl?

- (1) eleksyon Herbert Hoover
- (2) vòl tranzatlantik Charles Lindbergh la
- (3) jijman Scopes la
- (4) mache bous la ki tonbe

Baze repons ou pou kesyon 26 ak 27 sou tablo ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.


	Imigran ki sòti nan nò ak wès Ewòp	Imigran ki sòti nan lòt peyi, espesyalman nan sid ak lès Ewòp
Mwayenn sikilasyon pou chak ane, 1907–1914	176,983	685,531
Kota dapre Lwa 1921 an	198,082	158,367
Kota dapre Lwa 1924 la	140,999	21,847

Sous: Thomas A. Bailey et al., *The American Pageant*, D.C. Heath and Co., 1998 (adapte)

- 26 Enfòmasyon ki nan tablo a sèvi pou montre lwa imigrasyon 1921 ak 1924 yo te fèt espesyalman pou
- (1) anpeche moun kontinye antre ilegalman nan peyi a
  - (2) asepte travayè kalifye
  - (3) ankouraje imigrasyon ki sòti nan sid Ewòp la
  - (4) redwi imigrasyon ki sòti nan kèk rejyon espesyalman
- 27 Rezon prensipal ki fè Etazini te adopte politik sou imigrasyon ki parèt nan tablo a, se poutèt
- (1) presyon nativis yo ak sendika travayè yo tap fè
  - (2) mizè Lagrann Depresyon an te pote
  - (3) prejije Dezyèm Gè Mondyal la te pote
  - (4) menas lòt peyi tap fè pou yo rete migrasyon moun kap vini Etazini
- 
- 28 Doktrin ki rele “Danje klè ki devan nou an”, ki te sòti nan bouch jij Tribinal Siprèm yo nan zafè *Schenck v. United States* (1919) la, te gen yon gwo konsekans sou Deklarasyon Dwa yo [*Bill of Rights*] paske li te
- (1) limite pouvwa prezidan an
  - (2) mete limit sou libète lapawòl
  - (3) klarifye estanda pou jijman ekitab yo
  - (4) bay moun yo akize pou yon krim plis dwa
- 29 An jeneral, ki gwoup Ameriken ki pat pwofite pwosperite ekonomik ki te rive nan ane 1920 yo?
- (1) kiltivatè yo
  - (2) revandè an detay yo
  - (3) konsomatè yo
  - (4) fabrikan yo
- 30 Youn nan objektif prensipal politik etranjè Etazini pandan ane 1930 yo, se te pou
- (1) chache pa antre nan konfli ki te genyen nan Azi ak nan Ewòp yo
  - (2) fè entèvansyon dirèk pou pwoteje enterè komèsyal li nan peyi Afrik yo
  - (3) ranfòse òganizasyon entènasyonal ki defann lapè yo
  - (4) pran tè lòt bò dlo pou fè yo tounen koloni
- 31 Kilès nan deklarasyon sa yo ki montre pi byen yon lide fondamantal ki te nan Akò Nèf [*New Deal*] prezidan Franklin D. Roosevelt la?
- (1) Se kominis ki kapab pote sèl bon solisyon ki genyen pou pwoblèm ekonomik yo.
  - (2) Moun ki pa gen travay yo dwe konte plis sou Eta yo pase sou gouvènman federal la, pou ede yo.
  - (3) Etazini te rive nan nivo ekonomik ki pi wo a pandan ane 1920 yo, epi kounye a li tounen yon pwisans endistriyèl kap pèdi fil.
  - (4) Ekonomi peyi a konn bezwen lajan leta pou ankouraje aktivite nan biznis yo.
- 32 Kilès nan aksyon prezidan Franklin D. Roosevelt yo ki te kontrè ak prensip verifikasyon ak ekilib la?
- (1) mete veto anpil fwa sou lwa pou Akò Nèf yo [*New Deal*]
  - (2) eseye mete plis jij nan Tribinal Siprèm lan
  - (3) pran pouvwa pou ratifiye trete yo nan men Sena a
  - (4) eliminen segregasyon nan endistri defans lan

Baze repons ou pou kesyon 33 sou kat ki pi ba la yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

### Lagè Kore a



Sous: Thomas A. Bailey et al., *The American Pageant: A History of the Republic*, Houghton Mifflin Company, 1998 (adapte)

33 Ki deklarasyon jeneral enfòmasyon ki nan kat sa a sipòte, sou Lagè Kore a?

- (1) Lagè a te koumanse lè Kore Disid te atake Kore Dinò.
- (2) Jeneral MacArthur te lanse yon envazyon ki te sòti Lachin depi nan koumansman lagè a.
- (3) Okenn nan de (2) kote yo pat gen yon gwo viktwa militè nan lagè a.
- (4) Lè lagè a fini, Kore te rete yon peyi ki divize.

34 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, rezon prensipal ki fè yo te transfere anpil Japonè Ameriken ki te rete sou Kòt Wès la nan kan detansyon se paske

- (1) yo te konnen yo kòm espyon pou Japon
- (2) yo te gade yo kòm yon menas pou sekirite
- (3) yo te refize sèvi nan lame ameriken
- (4) yo te fè konnen yo sipòte Itali ak Almay

35 Pou ede peye pou Dezyèm Gè Mondyal la, gouvènman Etazini a te sèvi anpil ak

- (1) lajan li te prete nan men gouvènman etranje
- (2) lajan lavant kupon dèt leta pou lagè
- (3) lajan lavant machandiz ameriken bay peyi ki te rete net yo
- (4) nouvo lajan gouvènman an te fè enprime

36 Objektif prensipal politik etranjè Etazini ki rele ansèkleman an se te pou

- (1) retounen nan politik pa mele nan zafè lòt peyi a
- (2) anpeche infliyans komini yo gaye nan lòt kote
- (3) pran teritwa nan Afrik ak Amerik Latin
- (4) jete gouvènman diktatè ki te genyen nan tan sa a

37 Konsekans Lwa sou Dwa Veteran an [*GI Bill*] te genyen pou popilasyon Etazini an apre Dezyèm Gè Mondyal la se te

- (1) eliminen zafè timoun kap travay la
- (2) bay plis moun dwa vote
- (3) ogmante kantite lajan ki depanse nan rechèch nan lespas
- (4) bay moun plis opòtinite pou edikasyon ak pou kay

Baze repons ou pou kesyon 38 sou paragraf ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

“ . . . Nou ta kapab di nou vini nan kapital peyi nou an pou nou touche yon chèk. Lè achitèk repiblik nou an te ekri bèl pawòl ki nan Konstitisyon an ak nan Deklarasyon Endepandans lan, yo te siyen yon pwomès peman kote tout Ameriken te gen dwa kòm eritye. Pwomès sa a te di konsa tout moun, wi, tout moun Nwa ak tout moun Blan, te gen garanti pou ‘dwa enpreskriptib pou Lavi, pou Libète ak pou chache Byennèt yo’. Nou kapab wè jodi a Etazini pa kenbe pwomès sa a pou moun nwa yo. Pase pou li ta respekte obligasyon sakre sa a, Etazini bay moun Nwa yo yon move chèk, yon chèk labank voye tounen ak pawòl sa yo ekri sou li: ‘san pwovizyon’ . . .

— Martin Luther King, Jr., 28 out, 1963

38 Pwen ki enpòtan nan paragraf sa a nan diskou doktè King lan, se kote li di li kwè

- (1) fondatè peyi sa a te garanti egalite nan dwa pou tout moun
- (2) Ameriken pat gade diferans rasyal ant moun ankò
- (3) gen anpil fwa vyolans te nesèsè pou pwoteje libète sivil yo
- (4) dwa sivil tap toujou rete yon rèv pou Ameriken Nwa yo

39 Kòm konsekans desizyon Tribinal Siprèm lan nan zafè *Miranda v. Arizona* (1966) la, yon moun yo akize pou yon krim gen dwa

- (1) pou yo jije l san pèdi tan
- (2) pou l peye yon kosyon rezonab pou yo lage l
- (3) pou yo li dwa l ba li lè yap arete l
- (4) jwenn pwoteksyon kont pinisyon ki inimen ak degradan

40 Yon objektif enpòtan nan Pwogram Gran Sosyete prezidan Lyndon B. Johnson lan, se te pou

- (1) bay biznis yo asistans gouvènman
- (2) fini ak mizè nan Etazini
- (3) konsève resous natirèl yo
- (4) rete migrasyon ki sòti nan Amerik Latin

41 An 1991, youn nan rezon ki fè prezidan George H. W. Bush te voye militè ameriken nan Lagè Gòlf Pèsik la, se te pou

- (1) kenbe sikilasyon komès nan Kannal Suez la
- (2) reponn obligasyon militè yo kòm manm nan Akò Lib Echanj Amerik Dinò a (NAFTA, oswa ALENA)
- (3) anpeche kominis gaye nan Mwayen Oryan an
- (4) fè yon jan pou petwòl Mwayen Oryan an kontinye ale nan Etazini ak nan peyi ki alye Etazini yo

42 Pwogram ki rekòmande bay Ameriken Nwa ak lòt minorite yo priyorite lè yap pran moun nan yon travay, pou korije enjistis ki te konn fèt yo rele

- (1) Tit 9
- (2) admisyon louvri
- (3) aksyon afimatif
- (4) Pran Devan [*Head Start*]

43 Kilès nan zafè sa yo, ki pase devan Tribinal Siprèm lan, ki asosye kòrèktman ak kesyon konstitisyonèl ki an rapò avèk li a?

- (1) *Gibbons v. Ogden* — komès ant Eta yo
- (2) *Dred Scott v. Sanford* — privilèj egzektif
- (3) *Gideon v. Wainwright* — dwa vòt
- (4) *Roe v. Wade* — dwa moun yo akize

44 Youn nan rezon ki fè aktivite Samuel Gompers yo sanble aktivite Cesar Chavez yo, se paske tou de lidè sa yo te

- (1) òganize travayè yo pou yo chache gen pi bon kondisyon travay
- (2) kwè nan sèvi ak fòs pou revandike dwa minorite yo
- (3) mande pou gouvènman federal kontwole pri transpò sou ray yo
- (4) travay pou amelyore sekirite machandiz moun ap achte yo

45 Ki tit ki ta ale pi byen ak deskripsyon pasyèl ki pi ba la a?

- |   |
|---|
| I. _____  |
| A. Pri lavi a monte pi vit pase salè yo                   |
| B. Gen plis pwodiksyon machandiz pase sa moun kapab achte |
| C. Moun achte twòp sou kredi                              |

- (1) Teyori Ekonomik Mèkantilis
- (2) Karakteristik yon Mache Aksyon kap Monte
- (3) Monopòl nan Biznis
- (4) Lakòz Lagrann Depresyon an

Baze repons ou pou kesyon 46 ak 47 sou deklarasyon oratè pi ba la yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

*Oratè A:* “Sikonstans ki la kounye a te mande pou plis fanm koumanse travay.”

*Oratè B:* “Semenn sa a, moun nan fanmi m pral oblije rete san sik ni farin.”

*Oratè C:* “Mwen di nou ta dwe kontinye sipòte prezidan nou an, menm si yo pat janm bay yon prezidan yon katriyèm manda anvan sa.”

*Oratè D:* “Mwen sipòte gouvènman an nan tout sa lap fè, pou nou kapab sèten nou gen sekirite kont fasis isit la, nan peyi nou.”

46 Oratè sa yo dwe te fè deklarasyon sa yo pandan

- (1) Premye Gè Mondyal la
- (2) Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) Lagè Kore a
- (4) Lagè Vyetnam la

47 Ki sikonstans *Oratè B* ap dekri la a?

- (1) destriksyon danre pandan gen lagè
- (2) bezwen pou enpòte machandiz pou manje
- (3) rasyonman manje pou sipòte efò pou lagè a
- (4) peman sibvansyon nan agrikilti pou limite pwodiksyon agrikòl

48 “Ni Etazini ni okenn Eta pa dwe refize rekonèt ni limite dwa vòt yon sitwayen Etazini paske li se gason oubyen fi. . . .”

— 19yèm Amanman, *Konstitisyon Etazini*

Ki gwoup fanm ki te travay pou fè vote amanman sa a?

- (1) Harriet Tubman, Jane Addams, ak Dorothea Dix
- (2) Susan B. Anthony, Carrie Chapman Catt, ak Elizabeth Cady Stanton
- (3) Madeline Albright, Geraldine Ferraro, ak Sandra Day O’Connor
- (4) Clara Barton, Amelia Earhart, ak Eleanor Roosevelt

49 Ki akò nan politik etranjè ki te gen influyans pi dirèk sou Mwayen Oryan an?

- (1) Akò Kellogg-Briand
- (2) Deklarasyon Konferans Yalta
- (3) Trete SALT I
- (4) Akò Camp David yo

50 Yo te sèvi ak teyori domino a pou jistifye entèvansyon Etazini nan

- (1) Lagè kont lamizè a
- (2) Operasyon pou Transpò aeryen Bèlen an
- (3) Kriz Bosnia
- (4) Lagè Vyetnam lan



**Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.**

**Pou devlope repons ou bay nan Dezyèm Pati a, sonje definisyon sa yo:**

- (a) **pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”**
- (b) **dekri vle di “ilistre yon bagay avèk mo oswa pale de bagay li”**

## **Dezyèm Pati**

### **KESYON POU REDAKSYON TEMATIK**

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf sou objektif travay ki pi ba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Jeyografi ak Aksyon Gouvènman Etazini**

Anpil fwa, gen faktè jeyografik ki konte nan aksyon gouvènman Etazini a pran yo, ni isit ni nan peyi etranje. Nan pami faktè sa yo, genyen kote peyi a ye, anviwonman fizik li, mouvman popilasyon yo, klima a, ak resous yo.

#### **Objektif Travay la:**

Idantifye **de** (2) aksyon gouvènman Etazini a pran dapre faktè jeyografik, epi pou **chak** aksyon sa yo:

- Pale sou sikonstans istorik ki te lakòz gouvènman an pran aksyon sa a
- Pale sou enfluyans yon faktè jeyografik nan aksyon an
- Dekri konsekans aksyon gouvènman an pou Etazini

Ou mèt chwazi nenpòt ki aksyon gouvènman federal la ki montre enfluyans yon faktè jeyografik, nan sa ou etidye sou istwa Etazini. Men kèk egzanp nan sa ou ta kapab chwazi: Lè yo achte Lwizyàn lan (1803), deklarasyon Doktrin Monroe a (1823), lè yo vote Lwa Homestead la (1862), desizyon bati ray tren transkontinantal la (pandan ane 1860 yo), akizisyon Filipin (1898), desizyon bati Kànal Panama a (nan koumansman ane 1900 yo), oubyen lè yo vote Lwa sou Granwout ant Eta yo [*Interstate Highway Act*] (1956).

**Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.**

#### **Direktiv:**

**Nan redaksyon w lan, sonje pou w:**

- Pale sou tout aspè nan *Objektif Travay la*
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, etabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay la*, epi fè yon rezime *Tèm* la kòm konklizyon

Pou devlope repons ou bay nan Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa yo:

pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”

### Twazyèm Pati

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa yo (1–8). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè wap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

#### Kontèks Istorik:

Lagè Sivil la ansanm ak peryòd Rekonstriksyon an te pote anpil chanjman sosyal, politik, epi ekonomik nan popilasyon Etazini an. Konsekans chanjman sa yo kontinye jouk nan 20yèm syèk la.

#### Objektif

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vin apre chak dokiman nan Seksyon A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Seksyon B a, kote yo pral mande w:

- Idantifye epi pale sou **yon** chanjman sosyal, **yon** chanjman politik, **AK yon** chanjman ekonomik nan popilasyon Etazini an ki te konsekans Lagè Sivil la oswa peryòd Rekonstriksyon an.

## Seksyon A

### Kesyon ki Mande Repons Kout

*Esplikasyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vin apre chak dokiman nan espas yo bay la.

#### Dokiman 1

. . . Tout moun ki fèt oswa ki natiralize Ameriken, epi ki anba jiridiksyon Etazini, se sitwayen Etazini yo ye ansanm ak sitwayen Eta kote yo rete a. Okenn Eta pa dwe adopte ni aplike okenn lwa ki limite privilèj oubyen iminite sitwayen Etazini yo; okenn Eta pa dwe retire lavi, libète, oswa pwopriyete yon moun san yon pwosedi legal nòminal; ni refize okenn moun nan jiridiksyon l pwoteksyon egal dapre lalwa. . . .

— 14yèm Amanman, Seksyon 1, 1868

1a Kouman 14yèm Amanman an defini sitwayennte? [1]

---

---

Nòt

b Kouman 14yèm Amanman an te sanse ede moun ki te esklav yo pandan peryòd Rekonstriksyon an? [1]

---

---

Nòt

## Dokiman 2

. . . Listwa pa bay okenn egzanp emansipasyon nan kondisyon ki pi defavorab pou klas yap emansipe a pase egzanp sa a nan Etazini. Lè Afranchi nan Etazini yo te jwenn libète yo, se pa moun ki te vle byen yo ki te devan yo, men se moun ki te rayi yo [an kòlè ]; se pa paske yo te pran yon desizyon moral pou libere yo, men paske te gen yon rezon militè; se pa paske moun ki te rete nan menm kote avèk yo te gen jenewozite, epi yo te jwenn moun ki te vle liberasyon an mache byen pou yo, men yo te devan moun yo pa konnen, devan etranje, devan anvayisè, devan moun ki vyole dwa yo, devan moun lòt kote, epi devan lennmi yo. Depi sou jan emansipasyon an te fèt, sa te mete Afranchi yo devan pi move kalite mechanste lòt moun poutèt ras yo ak poutèt klas yo. Moun te rayi yo paske yo te sòti nan esklavaj, yo te rayi yo paske yo te vin lib, epi yo te rayi yo poutèt moun ki te libere yo. Pèsonn pat janm kwè sa ta pral pase okenn lòt jan, epi se si ou pa konprann anyen nan mantalite moun, ki kapab fè w pa wè ansyen klas la te vle sèvi ak tout mwayen li kapab jwenn pou anpeche bèl desizyon pou libere esklav yo bay bon rezilta, epi pou fè l parèt tankou yon move bagay [pou moun rayi]. Liberasyon an te rive nan siklòn ak nan toubyon [pwoblèm] lagè a, epi li te viv nan yon move tan ki te gen vyolans ak san. Lè Ebre yo te emansipe, yo te di yo pran rès [byen oswa pwopriyete] Ejipsyen yo te kite. Lè demwatye Risi yo te emansipe (an 1861), yo te ba yo twa kawo tè pou yo viv ak travay. Men anyen konsa pat rive lè esklav nou yo te emansipe. Yo voye yo ale de (2) men vid, san lajan, san zanmi, epi san yon ti moso teren pou yo kanpe. Jenn moun tankou gran moun, sa ki te malad tankou sa ki te byen, yo tout te ale san yon kote pou yo rete, san pwoteksyon kont lennmi yo. Lè sa a, yo te refize yo tout bagay, menm vye kay esklav kote yo te konn rete yo, menm tè kote yo te plante mayi yo. Nan kòlè ki monte yo, ansyen mèt esklav yo di konsa: “Degèpi! Yannki yo libere nou, kounye a se pou yo ban nou manje ak kote pou nou rete! . . . .”

Sous: Frederick Douglass, *Life and Times of Frederick Douglass*, Park Publishing Co., 1881

- 2 Dapre dokiman sa a, kisa Frederick Douglass te idantifye kòm yon pwoblèm nan jan gouvènman Etazini a te emansipe esklav yo? [1]

---

---

---

Nòt

### Dokiman 3

. . . Nou pa kwè ou abitye li istwa Ku Klux Klan yo kap pwomennen nan nwit sou cheval nan peyi a, kap sòti nan yon konte pou ale nan yon lòt, pou antre nan vilaj yo, pou simen laterè tout kote yo pase, paske yap vòlè, yap bat moun, yap fè kadejak, epi yap touye moun san pwovokasyon [san rezon], epi yap oblije [yap fòse] moun koulè yo kase glas ki kouvri rivyè Kentucky a, epi antre nan rivyè a pou benyen nan dlo glase a.

Palman [nan Eta a] ranvwaye seyans lan. Li refize vote lwa pou sispann [pou rete] dezòd Ku Klux Klan ap fè yo. Kounye a, nou byen wè moun [Ku Klux Klan] sa yo resevwa yon lisans pou yo kontinye fè zak kriminel ak sanginè yo nan nwit pandan fè nwa. Yo refize pèmèt nou pale kòm temwen nan tribinal Eta a pou nou di sa yon Blan fè. Dapre sa nou wè, yo komèt [fè] zak yo sèlman sou moun koulè ak sou Blan ki Repibliken. Dapre sa nou wè tou, poutèt sèvis nou rann gouvènman an ak poutèt ras nou, Pati Demokrat la vize nou espesyalman kòm moun pou li rayi ak pou li pèsekite. Yo fè anpil moun parèy nou yo kite kay yo, san nou pa gen sekou [kont malè] sòf [esepite] devan tribinal Etazini yo ki anpil fwa pa menm kapab pran kontak avèk nou.

Nou kapab di nou toujou viv kòm sitwayen ki respekte lalwa, nou peye taks nou, epi nan anpil kote nan Eta a, yo anpeche moun parèy nou yo ale nan kote moun vote, pou egzèsè dwa vòt yo. Gen anpil yo asasinen paske yo tap eseye vote. Sa nou bezwen mande, se konbyen tan ankò bagay sa yo pral dire? . . .

— Petisyon devan Kongrè Etazini, 25 mas 1871, epi plizyè dokiman nan Sena Etazini, 42yèm Kongrè, Premye Sesyon, 1871


3a Nan dokiman sa a, idantifye **yon** jan Ku Klux Klan simen laterè nan pami Ameriken Nwa yo. [1]

Nòt

b Dapre dokiman sa a, ki konsekans aksyon Ku Klux Klan yo te genyen sou patisipasyon Ameriken Nwa yo nan pwosesis politik la? [1]

Nòt

## Dokiman 4



Sous: *Scribner's Monthly*, "A Georgia Plantation," Avril 1881 ak Graebner ak Richards, *The American Record*, McGraw Hill, 2001 (adapte)

4 Dapre pòtre sa yo, kouman wòl ekonomik Ameriken Nwa yo te chanje ant 1860 ak 1880? [1]

Nòt

## Dokiman 5

. . . Lè nou rive nan Nouvo Sid Endistriyèl la, chanjman an bèl anpil, epi tout bagay tèlman gwo epi gen tèlman varyete mwen pa fin konnen kote pou m koumanse lè map ekri yon dokiman ki pa kapab bay twòp detay. Nan plas yon Sid ki ta rezève pou agrikilti ak politik, nou jwenn yon Sid ki antre fon nan biznis, ki kontan epi menm ki sezi wè devlopman pwòp resous li yo nan metal, nan mab, nan chabon, nan bwa, nan fètilizan, epi kap travay anpil nan enstale liy kominikasyon, nan ouvri min byen vit, nan bati founèz ak fondri (kote yo fonn metal pou vide yo nan moule), epi ki gen tout kalite atelye pou sèvi ak resous lokal yo. Se kòm si nou dekouvri yon monn ki nouvo. Lè yon moun ki sòti nan Nò jwenn bon jan fòj nan Vijini ki sèvi sèlman (sòf kèk ti espepsyon) ak pwodwi ki sòti nan min fè ak min chabon Vijini yo; lè moun sa a wè Alabama ak Tenesi travay fè tèlman byen epi tèlman bon mache yo kapab rive vann li nan Pennsilvani; lè li wè fòj ap pouse kou djondjon sou kote gwo founèz yo pou fè machandiz pou voye nan mache nan Nò yo; lè li wè moulen koton ap vire tout boulin pou moulen koton bon mache moun ap mande nan tout Sid la ak tout Sidwès la; lè li jwenn ti endistri, tankou izin ki fè bwat papyè, ak barik bwa, ak fabrik tib pou voye tout sa yo kapab fè yo nan Nò a ak toupatou nan Wès la; lè li wè bèl chajman mab yap voye nan Nò a; lè li aprann genyen nan pi gwo motè yo ak pi gwo machin yo ki fèt nan atelye nan Sid la; lè li kontre nan Richmonn ak yon “lokomotiv pou pote” ki fèt pou voye moso bwa monte youn dèyè lòt, lè yap rale yo sòti nan forè Michigan yo ak nan marekaj nan Sid la kote moun pat konn ale anvan; lè li wè mòn ki te fin ewode nan Jòjya ak nan Kawolin yo pwodwi plis koton pase anvan paske yo fètilize yo ak yon angrè ki fèt ak koton toujou (ki fètilize pi byen apre yo retire lwil ladan l); lè li wè yon pakèt ti atelye ki kreye travay pou gason, pou fanm, ak pou timoun ki pat janm gen okenn travay konsa pou yo fè anvan; epi lè li wè fè ki sòti Wonok konvèti nan Richmonn pou fè pyès wagon tren, epi yo voye pyès yo nan izin ki fè wagon tren nan Wonok, kote ane pase yo vann twasan wagon tren bay konpayi tren nan Nouyòk ak nan Nouvèl Angletè — moun sa a koumanse ouvri je l. Sid la ap fè anpil bagay moun bezwen pou sèvi lakay yo, ak nan fèm yo, ak nan magazen, epi li deja ap voye plizyè kalite pwodwi manifaktire nan Nò a ak nan Wès la. Kòm li fasil pou jwenn fè, chabon, ak bwa ki tou pre [nan zòn lan], pral genyen plis nan machandiz sa yo ki pral sòti pou vann an mezi travayè yo ap aprann pi bon metòd travay. Devlopman endistriyèl ki pi anfòm kounye a se nan endistri fè, chabon, bwa, ak mab; sa ki pi ankourajan nan jan moun ki nan Sid yo ap endepandan ekonomikman se jan gen anpil ti endistri kap ouvri nan prèske chak vil mwen vizite yo. . . .


Sous: Charles Dudley Warner, “The South Revisited,”  
*Harper’s New Monthly Magazine* (Mas 1887)

5 Dapre paragaf sa a, di **youn** nan chanjman ekonomik ki te parèt nan Sid la nan zòn ane 1887 la? [1]

Nòt

## Dokiman 6

### Yon Fontenn Dlo Piblik nan Kawolin Dinò, 1950



– Fotograf la se Elliott Erwitt  
Sous: Steve Kasher, *The Civil Rights Movement: A Photographic History, 1954–68*,  
Abbeville Press (adapte)

6 Kisa foto sa a montre sou jan yo te trete Ameriken Nwa yo nan Sid la apre Rekonstriksyon an? [1]

Nòt



## Dokiman 7

. . . Depi 1868, gen moun ki fè sèman epi ki sòti tout bon pou yo eliminen nou nan politik nan Eta sid yo. Moun pa gen dwa eliminen nou. Dwa vòt la se yon garanti federal li ye, se pa yon privilèj Eta yo dwe kapab rekonèt [bay] oswa refize. Nou gen konviksyon dwa vòt la se pi gwo defans moun genyen kòm sitwayen. Yon sitwayen ki pèdi dwa elektoral li [ki pa gen dwa vote ankò] se yon parya [yon moun deyò] nan lavi politik la. Nou pa kont yon opozisyon lejitim kont dwa vòt la, men nou ensiste pou yo aplike restriksyon yo menm jan pou tout sitwayen nan tout Eta yo. Nou dakò pou gen yon kalifikasyon sou baz edikasyon oswa sou baz pwopriyete, oswa sou tou de (2) baz sa yo; men nou vle tribinal yo pran yon desizyon san pèdi tan sou pwoblèm lwa retwoaktif ki sispann dwa vòt sitwayen yo. Nou ensiste pou di mezi sa yo pa antre nan entansyon ni anba pwoteksyon nouvo Konstitisyon nan Misisipi, nan Kawolin Disid, ak nan Lwizyàn [ki pa konsève yo]. Moun ki te ekri Konstitisyon sa yo te gen entansyon retire, epi yo retire tout bon vre, dwa vòt yon majorite nan sitwayen yo poutèt “ras ak koulè” yo epi poutèt “kondisyon yo te viv anvan” yo, kididonk nou mande Kongrè a pou li redwi reprezantasyon Eta sa yo nan Kongrè a, dapre sa Seksyon 2 nan Atik 14 Konstitisyon an prevwa ak mande. Nou mande Ameriken Nwa ki tout kote pou yo fè tout sa lalwa pèmèt yo pou reziste kont moun ki sòti pou retire dwa vòt yo genyen an. Si, pou mennen lit enpòtan sa a, yo oblije divize vòt yo nan yon Eta, nou konseye yo divize vòt la. Idantifikasyon [abitid] ak yon pati dwe kite plas li bay idantifikasyon ak bezwen pou pwòp prezèvasyon yo . . . .

— Deklarasyon Konsèy Ameriken Nwa [*Afro-American Council*], 1898  
Sous: Francis L. Broderick ak August Meier, *Negro Protest Thought in the Twentieth Century*,  
Bobbs-Merrill Company

7 Ki pwoblèm politik yo dekri nan paragraf sa a? [1]

Nòt

## Dokiman 8



**Parad NAACP te òganize pandan ane 1917 nan Vil New York.**

Sous: Robert Divine et al., *America Past and Present*, Addison Wesley (adapte)

8 Kisa ki te objektif jeneral moun yo montre kap mache nan foto sa a? [1]

Nòt

## Seksyon B

### Redaksyon

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **senk** dokiman, nan redaksyon w lan. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

#### Kontèks Istorik:

Lagè Sivil la ansanm ak peryòd Rekonstriksyon an te pote anpil chanjman sosyal, politik, epi ekonomik nan popilasyon Etazini an. Konsekans chanjman sa yo kontinye jouk nan 20yèm syèk la.

#### Objektif

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

- Idantifye epi pale sou **yon** chanjman sosyal, **yon** chanjman politik, **AK yon** chanjman ekonomik nan popilasyon Etazini an ki te konsekans Lagè Sivil la oswa peryòd Rekonstriksyon an

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon w lan, sonje pou w

- Trete tout aspè *Objektif Travay* la; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **senk** dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, etabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè yon rezime tèm nan kòm konklizyon







The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK  
GOUVÈNMAN ETAZINI

Mèkredi, 16 jen 2004 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi sèlman

FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la ..... G/F:  Fi

Non Pwofesè a .....

Non Lekòl la .....

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa.

Premye Pati

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score

Final Score (obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan map pran egzamen an.

